

Anpeche pou Mwazi Pa Vin tounen yon Dezas Segondè

Release Date: Oct 4, 2023

Yon netwayaj mwazi yon inondasyon lakòz ki fèt anreta gendwa lakòz plizyè kalite danje pou sante, men li enpòtan pou fè netwayaj san danje.

Pwooblèm ki gen rapò ak Mwazi

- **Medikal:** Espò mwazi yo se òganis mikwoskopik ki ka flote nan lè a epi ki ka lakòz pwoblèm ak alèji, opresyon, enfeksyon, ak lòt pwoblèm respiratwa. Nenpòt moun ka soufri pwoblèm medikal ki gen rapò ak mwazi. Men, tibebe ak timoun, granmoun aje yo, ak moun ki gen sistèm iminitè afebli gendwa gen reyaksyon ki pi grav. Moun ki gen pwoblèm pou respire tankou opresyon oswa ki gen sistèm iminitè afebli ta dwe rete lwen sit ki gen mwazi.
- **Kay:** Si kay ou a gen mwazi, tout sa ki te kontamine dwe netwaye byen epi pou yo seche. Ou ta dwe retire epi jete atik ki pa kapab byen netwaye ak seche yo nan 24-48 èdtan, tankou pwopriyete estriktirèl ak pèsonèl. Timoun pa ta dwe patisipe nan travay netwayaj dezas. Li posib pou gen domaj mwazi, malgre pa gen okenn lòt domaj vizib.

Kijan pou Retire Mwazi ak Repare Kay Ou

Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) ofri konsèy sou netwaye mwazi apre yon katastwòf.

- **8 Ti Konsèy pou Netwaye Mwazi**
 - **Pwoteje tèt ou.** Mete ekipman pwoteksyon pèsonèl (gan, mask, linèt) pou pwoteje je w, nen w, bouch ou ak po w.
 - **Jete! Retire li!** Nenpòt bagay ki te mouye ak dlo inondasyon epi ki pa ka netwaye epi seche nèt nan 24 a 48 èdtan ou ta dwe mete yo deyò. Pran foto atik yo jete yo pou ranpli reklamasyon asirans.
 - **Kite lè antre.** Louvri tout pòt ak fenèt yo lè w ap travay epi kite otan lè antre ou kapab an sekirite lè w ale.



FEMA

Page 1 of 2

- **Sikile.** Lè li an sekirite pou itilize elektrisite, sèvi ak vantilitè ak dezimidifikatè pou retire imidite.
- **Pa melanje pwodui netwayaj.** Si w ap itilize pwodui netwayaj, pa melanje pwodui netwayaj yo ansanm. PA melanje klowòks ak amonyak paske li ka kreye vapè toksik.
- **Fwote sifas yo.** Netwaye yo ak dlo ak yon detèjan. Retire tout mwazi ou ka wè. Seche yo touswit.
- **Pa kouvri I, retire I.** Pentire oswa mete kalfataj sou mwazi pa pral anpeche mwazi grandi. Ranje pwoblèm dlo a nèt epi netwaye tout mwazi an anvan ou pentire oswa mete kalfataj.
- **Seche li.** Seche kay ou ak tout bagay ki ladan I pi vit posib - nan 24 a 48 èdtan si ou kapab.

Resous adisyonèl:

- [Gid pou Pwopriyetè Kay ak Lokatè pou Netwayaj Mwazi Apre Dezas | Mwazi | CDC](#)
- [What to Wear](#)
- [8 Ti Konsèy pou Netwaye Mwazi](#)
- [Kilè pou itilize klowòks](#)

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre Siklòn Idalia, vizite floridadisaster.org/updates/ ak fema.gov/disaster/4734. Swiv FEMA sou X, ki te rele anvan Twitter, nan twitter.com/femaregion4 ak nan facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2